



OFFICE OF THE CHIEF INSTRUCTIONAL OFFICER
5775 Osceola Trail
Naples, FL 34109-0919
(239)377-0201
(239)377-0205 FAX

Rezon ki fè nou voye lèt sa a se pou enfòm ou sou fason yo itilize ekzamen final Kou Aljèb 1 an pou kalkile nòt yo ap ba ou pou klas Aljèb 1, Aljèb 1 Onè oubyen Matematik Pre-AICE 1 pitit ou. Si ou genyen nenpòt kesyon konsènan fason yo pral kalkile nòt final pou klas Aljèb 1, Aljèb 1 Onè oubyen Matematik Pre-AICE 1 yo, tanpri ale diskite sa avèk pwofesè pitit ou, oubyen ale wè konseye lekòl.

Elèv ki kòmanse nan klas 9èm pou ane sa a

Elèv ki kòmanse nan klas 9èm pou ane sa a enskri nan klas Aljèb 1, Aljèb 1 Onè oubyen Matematik Pre-AICE 1 dwe pase ekzamen final klas Aljèb 1 an pou yo ka resevwa kredi pou kou a (ki se yon ekzijans pou gradiyasyon). Depatman Edikasyon Florid la pral rapòte rezilta ekzamen final klas aljèb 1 an sou fòm yon aptitud ki ale de Nivo 1 a Nivo 5. Elèv ki resevwa yon nòt Nivo 3, Nivo 4, oubyen Nivo 5 pou ekzamen final klas Aljèb 1 an pral resevwa kredi pou klas la kèlkeswa nòt final yo fè pou kou a nan klas la. Elèv ki pa resevwa yon nòt Nivo 3, Nivo 4, oubyen Nivo 5 e ki fè yon nòt de pasaj nan klas la DWE repran ekzamen final klas Aljèb 1 an lè yo ap ofri li ankò pou li ka fè yon nòt Nivo 3, Nivo 4 oubyen Nivo 5 pou li ka resevwa kredi pou klas Aljèb 1, Aljèb 1 Onè oubyen Matematik Pre-AICE 1 an.

Anplis de sa, rezilta ekzamen final klas Aljèb 1 an pral **konte pou 20% nan nòt yo ap bay pou kou a pou dezyèm semès la (wè tablo ki nan lòt paj la)**. Yo pral konvèti nivo konpetans yo an nòt a lèt nan fason nou pral eksplike la a:

Konvèsyon EOC Aljèb 1	
Nivo Konpetans EOC pou Aljèb 1	Konvèsyon Nòt an Lèt
Nivo 5	A
Nivo 4	B
Nivo 3	C
Nivo 2	D
Nivo 1	F

Nòt an Lèt nan kanè a	Kalite Pwen li fè pou nòt an lèt yo	Pwen/pou Peryòd la (konte li de fwa)	Ekzamen Final Aljèb 1 (konte li yon fwa)	Ranje Pwen Semès la pou Resevwa Nòt Final la
A	4	8	4 (Nivo 5)	18-20
B	3	6	3 (Nivo 4)	13-17
C	2	4	2 (Nivo 3)	8-12
D	1	2	1 (Nivo 2)	5-7
F	0	0	0 (Nivo 1)	0-4

Ekzanp Kalkilasyon Nòt yo

<u>EKZANP 1</u>	Peryòd 3	Peryòd 4	Ekzamen Final Aljèb 1	Total Pwen li Resevwa	Nòt Final li an Lèt
Pousantaj Semès la De Nòt	40%	40%	20%		
Nòt an Lèt li Resevwa	B	C	D (Nivo 2)*		
Pwen li fè	3 (double)	2 (double)	1 (pa double)	6 + 4 + 1 = 11	C

Li pa resevwa kredi pou Klas la, menm si li fè yon nòt final ki egal a C pou kou a.

<u>EKZANP 2</u>	Peryòd 3	Peryòd 4	Ekzamen Final Aljèb 1	Total Pwen li Resevwa	Nòt Final li an Lèt
Pousantaj Semès la De Nòt	40%	40%	20%		
Nòt an Lèt li Resevwa	D	D	C (Nivo 3)*		
Pwen li fè	1 (double)	1 (double)	2 (pa double)	2 + 2 + 2 = 6	D

***Elèv la te resevwa kredi avèk Nivo 3 nan EOC a, men li te resevwa yon nòt final ki egal a D.

Elèv la kapab rebran kou a pou li ka jwenn padon pou nòt la.***

Si ou genyen nenpòt kesyon konsènan fason yo pral kalkile nòt final pitit ou pou kou Aljèb 1, Aljèb 1 Onè oubyen Matematik Pre-AICE 1 a, tanpri ale diskite sa avèk pwofesè pitit ou a, oubyen ale wè konseye lekòl pitit ou a.